Псэм ехуэбылІэ Іэщ1агъэ

2-нэ нап.

«Махуэжу»

3-нэ нап.

Щ1ыхугъэм и мардэхэр

3-нэ нап.

Щ1эблэмрэ телефонымрэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№39 (24.477) ● 2023 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 6, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Сыхъумрэ Налшыкрэ зэпащIэ

4-нэ нап.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм къызэритамкIэ

Щ1ыналъэхэм я щ1ытыкIэр

Республикэм и щ1ыналъэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр къызрагъблэгъа зэIущIэ КIуэкIэ Казбек иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ. Зэхуэсым и лэжьыгъэм апхуэдэу хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий, КЪБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1 Къуэдзохъуэ Мухьэмэд, УФ-м и Президентым и полномочнэ л1ыкIуэу Кавказ Иш1хьэрэ федеральнэ щ1ыналъэм щ1ым и Аппаратым КЪБР-м къегъэщ1ыл1а и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Тимур, министрхэр.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэльыхьащ республикэм и щ1ыналъэхэм мы зэманым ирихьэлIэу щ1ыщ1э щ1ытыкIэхэм. Ар къыщ1ыз1уихьм **КIуэкIуэ Казбек** псом япэу гулъытэ зыхуищ1ар мэлыжьыхьым и 1-м къыщ1ыщ1дзауэ къыхалъхьауэ дзэ къулыкъым щ1ал эхэр зэрыраджэ Iуэхурц. А лэжьыгъэр йокIуэкI УФ-м и Президентым и унафэу гъатхэ дзэ дэщыгъуэмрэ къулыкъур къезыхьэл1а сэлэтхэр, хыдзэлIэр, сержантхэр, старшинахэр дзэм къыхэкIыжынымрэ къыщыгъэлъэгъуэм ипкъ иткIэ. Республикэм и Iэтащхьэм а Iуэхур зи пщэрылъ къулыкъущ1эхэм къалэн ящиущ1ащ л1ажьыгъэр къызыхуэтынщэу икIи и чэзуи зэф1ахьи къуейуэ. КЪБР-м и дзэ комиссар **Пахомов Дмитрий** зэрыжи1амкIэ, гъатхэ дзэ дэщыгъуэ лъэхъэнэщ1эр хабзэм тету екIуэкIынущ. Ар зэф1ахьнущ бадзэуэгъуэм и 15-м ирихьэлIэу. П1ал1экIэ къулыкъу ящ1ну дзэм ираджэнущ ди республикэм и щ1ал1э 970-рэ. Iуэхум жэуал1ныгъэшхуэ хэлъу щ1опжь республикэм и районхэм, къал1эхэм щы1э дзэ комиссэ хэхаэр. «Си фIщ мэхъу Урысейм Iэщ1кIэ Зэщ1эуэзда и Къарухэм ди щ1ал1эхэм пщ1эрэ щ1ыхьрэ пылъу къулыкъур зэрыщ1рахьэкIынур», - жи1ащ КIуэкIуэ Казбек.

УФ-м и Президентым «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондыр къызэгъэпэщыным ехьэл1ауэ къыдигъэкIа указми щытепсэльыхьащ зэIущIэм. Ар ахуэгъэзащ ди къэралым Украинэм щригъэкIуэкI дзэ операцэ хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ къэрал гулъытэ ящ1ущ1ынымрэ. Республикэм и Iэтащхьэм а къалэнхэм унафэ ящиущ1ащ Фондым и къудамэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэман кIэщ1ым къриубыдэу къыщ1ызэгъэпэщ1ынымрэ теухуауэ.

АдэкIэ зэIущIэм къыщ1ал1этащ республикэм лъэпкъ проектхэмрэ къэрал, щ1ыналъэ программэхэмрэ зэрыщ1агъэщ1эр. **Мусуков Алий** къызэхэсахэм хъыбар ирилъхьэу щ1ащ а Iуэхугъэхэр зэрекIуэкIым ехьэл1ауэ. Гулъытэ хэха зыхуащ1 унэтIыныгъэхэм ящ1ыщ1 егъэдэжныгъэ Iэнатlэр. Дыз1эрыт ильэсым щ1ыналъэм щ1аухэу еджапIи 10, зэгъэпэщ1ыжныгъэ л1ажьыгъэхэр щокIуэкI Iуэхущ1апIэ 40-м. Республикэм и Iэтащхьэм зэIущIэм хэтхэм ягу кIыгъэкIыжащ а Iуэхугъуэхэр мыхьэнэшхуэ зи1эу зэрыщ1ытыр икIи л1ажьыгъэхэр зэрекIуэкIымрэ абыхэм я фIагъымрэ я кIэлъыпл1ыныгъэ ткIийм дапщэщи щ1агъэтыну къыхуриджащ.

Республикэм и мэкъумэш Iэнатlэм щ1ыщ1э щ1ытыкIэми гулъытэ щигъуэтащ зэхуэсым. А Iэнатlэм зиужьыным 2023 гъэм хухахащ сом меларди 3,3-рэ. Щ1ыналъэм щ1аублащ гъатхэ губгъуэ л1ажьыгъэхэр. Дунейр хуабэ зэрыхьужам мэкъумэш щ1ыщ1эхэм Iэмал ыкIи къаритащ вэн-сэным щ1адзэну. КЪБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр **Сыжажэ Хьэсэн** зэрыжи1амкIэ, гъатхэ л1ажьыгъэхэм къыхуэзыгъэпэща оперативнэ штабым вэн-сэным пыщ1а Iуэхугъэ зэрегъэуIу. Иджыпсту районхэм гъатхасэ щокIуэкI, пхъэщхьэмыщ1хэ жыгыщ1эхэр щагъэтIыс, бжьыбзэсэм щ1агъэпш1эр щрат. Республикэр ирикъуу къызэрэгъэпэщащ жы1эхэмкIэ, минерал щ1ыгъэпш1эр кIрашал1э. Гъавэ щ1ал1эу гектар минрэ щ1ихьи псыщ1э гъэпъадэхэр хуащ1ащ. Мы гъэм апхуэдэ щ1ыкIэхэр къыхуэзыгъэпэщ1ынущ иджыри гектар мини 6,5-м. Мэкъумэш техникэри гъэсыныпхъэ хуэныкъуэнукъым.

ХадэхэкIэр щ1агъэкIынымкIэ хуэщ1ауэ Шэджэм щ1ыналъэм щ1ауэгъэну хуабэщхэми щ1ытепсэльыхьащ, зэIущIэм. Хуабэщхэм я ап1э Iыхьэр мы гъэмахуэм хьэзыр хъунущ. ЕтIуанэ Iыхьэр 2024 гъэм ирихьэлIэу яутIыпщ1ынущ. Лэжьыгъэхэр йокIуэкI, нэхъапэIуэкIэ яубзыхуэ «Гъуэгу картэм» тету. Хуабэщхэм псори зэхэту яубдыдынущ гектари 100-м щ1игъу.

Мэкъумэш къэкIыгъэхэр уэм щ1ыхъумэным республикэ бюджетым къыхэкIыу мы гъэм хуаутIыпщ1ащ сом мелуан 30. Нэгъабэрэм еплъытмэ, ар сом мелуани 5-кIэ нэхъыбзщ. Иужьрей ильэси 3-р к1ащ1тэмэ, къэкIуэгъэхэр уэм щ1ыхьыхэмэ Iэнатlэщ1эхэр къыщ1ызэIуахащ Бэтэх, Светловодскэ, Кьыщэк, Бахъсэнэкъ, Къащ1эхэу жыл1эхэм. Апхуэдэ Iуэхущ1апIэу республикэм 36-рэ щолажьэри, псори хуэхьэзырщ1 пъэхъэнэщ1эм. «А унэтIныгъэм адэкIи зегъэужьным хуэхтх мылъкум иджыри хэдгъэхъуэнущ», - къыхи1ащ1ащ КIуэкIуэ Казбек.

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек мэлыжьыхьым и 4-м хэIущIыIу ищ1ащ **«Л1ыхъужьхэм я бынхэр» щ1ыналъэ проект иным лэжьэн зэрыщ1идзэр.**

«НОБЭ къыщ1ыщ1дзауэ иужь дохьэ «Л1ыхъужьхэм я бынхэр» щ1ыналъэ проект иныр ди республикэм щ1ыгъэззщ1эным. Дытепсэльыхьащ ар зэредгъэкIуэкIыну щ1ыкIэмрэ къызэщ1ичыбыдэну Iуэхугъуэхэмрэ, абы хуэщ1а гуп хэкаи къызэдгъэпэщ1ащ, - щетх КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек телеграм-каналым щ1и напэкIуэц1ым. – Проектым и мурадыр ди зауэлIэхэм я бынхэм сыт и лъэныкъуэкIи гулъытэ хуэутщ1ынырщ, зауэ Iэнатlэм Iутым СВО-м щигъэзащ1э къал1эныр и къулыкъум и лъагагъымрэ емылъытауэ.

«Л1ыхъужьхэм я бынхэр» проектым кърирубыдэу зи адэкэр зауэ Iэнатlэм Iуту Хэкур зыхъумэхэм я сабийхэм лъэныкъуэ куэдкIэ защ1эдгъэхъуэнущ. Абы хохьэ ущ1инынгъэ Iэнэныгъэри, социальнэ, медицинэ, психолог дэIэпыкъуныгъэхэри. Лэжьыгъэм хэтынущ гъэззщ1ащ1кIуэ властым и органхэр, щ1ыналъэхэм, щ1ыпIэхэм я унафэщ1хэр, еджапIэхэм, узынщагъэр хъумэным, щэнхабзэм, спортым, щ1ал1эгъуэлэ Iуэхум ягъэ Iэнатlэхэр, жылагъуэ зэгугъэныгъэхэр.

А проектымкIэ Хэбзэрдей-Балъкъэрым деIыгъ УФ-м и Президент Путин Владимир «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фонд къызэгъэпэщ1ынымкIэ къыхилъхьа жэрдэмыр, ищ1а унафэр. Ар хуэщ1ащ дзэ операцэ хэхар егъэкIуэкIынымкIэ зауэлIэхэр сыт и лъэныкъуэкIи дэIыгъынымрэ.

«Л1ыхъужьхэм я бынхэр»

● Щ1э

Ныбжьыщ1эхэр куэдым щ1эупщ1эрт

КЪБР-м и Парламентым «Къэрал сихьэт» Iуэхум хьэхьэу, ирагъэблэгъащ Сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я нэIэм щ1эмытхэмрэ я школ-интернат №5-м (Нартан къуажэ) и гъэсэнэхэр. Цыкlуэхэм я1уащ1ащ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ, абы и къуэдзэхэу Жаната-ев Сэлимрэ Къардэн Муратрэ, Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкIэ комитетым и унафэщ1 Кансаевэ Еленэ сымэ.

ЕГОРОВЭ Татьянэ жи1ащ депутатхэм а школ-интернатым я нэIэ зэрыгъэтэр, Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм, Илъэсыщ1эм, нэгъуэщ1 махуэшхуэхэми цыкIухэм зэра1ущ1эр.

ЗэIущIэм и пэм сабийхэм яхутепсэльыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым парламентаризмэм зэрызыщ1агъэужьамрэ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и лэжьыгъэр къызэрызэпэщамрэ. Кансаевэ Еленэ еджакIуэхэр щигъэгъуэзащ 2023 гъэм КЪБР-м и Парламентыр илъэс 30 зэрырикъум, Урысейм и парламентаризмэм и махуэр илъэс къэмэлыжьыкIэм и 27-м зэрагъэлъапIэм. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхьдэм дежкIэ 1922 гъэм мыхьэнэшхуэ и1ащ. Щ1ыналъэм и 16-м Къэбэрдей-Балъкъэрыр автоном щ1ыналъэу зэгугъэхьат. КъыкlэльыкIуэу, 1936 гъэм, ар автоном республикэ ящ1ыжащ. 1938 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м, КъБАССР-м и Конституцэм тету, властым и орган нэхъыщхьэу ягъэуващ щ1ыхубзэм я хуитныгъэхэр зыгъэзэщ1ну Совет Нэхъыщхьэр. Ар илъэс 50-м щ1игъкIэ лэжьащ. КЪБР-м и Парламентым и япэ хэхьныгъэхэр 1993 гъэм дыгъэгъаэзм и 12-м екIуэкI1ащ. 1997 гъэм фокIадэм и 1-м республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм кIиущтащ КЪБР-м и Конституцэр», - яжри1ащ ныбжьыщ1эхэм Кансаевэ Еленэ. Апхуэдэуи ар къытеувы1ащ мы гъэмахуэм я лэжьыгъэр зэрагъэзащ1э щ1ыкIэмрэ щ1ыхуэхэм я Iуэху еплъыкIэхэри я1ыгъэ. Си гуапэ зэрызыгъэхьащ1ыр Iуэхущ1апIэм и депутатхэр псори дызэгурыIуэу дызэдолажьэ, абы къыхэкIыуи си лэжьыгъэм сфIэфIу сыпэрыщ1, - яжри1ащ сабийхэм Егоровэм.

Я гъащ1э, лэжьыгъэ гъэузгунэр зыхуэдам техуауэ зэIущIэм къыщыпсэльащ Жанатаев Сэлимрэ Къардэн Муратрэ. Дэтхэнэми къыхигъэщ1ащ л1ыгапIэм унэсын папщIэ, узэгугъуэжын, щ1эныгъэм хэбгъэхъуэн зэрыхуейр.

Ныбжьыщ1эхэм яхуэупсащ урыс литературэм и тхакIуэхуэхэм я Iэдакъэщ1экIэр зэрыт тхыпIэхэмрэ Iэфыкl1эхэмкIэ. Апхуэдэуи школ-интернатым и библиотекэм ираташ КЪБР-м и Парламентыр къызэрыунэхурэ и илъэс 25-рэ щрикъум ирихьэлIэу къыдигъэкIа тхылъыр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Ди къуэш республикэхэм

Яхуэзфl экIам хоплъэж



АДЫГЕЙ. АР-м и Къэрал Совет – Хасэм и XXI зэхуэсыр екIуэкIащ Абы къыщыпсэлъащ хэгъэгум и Iэтащхьэ Къумп1ыл Мурат. Л1ыщхьэр къытеувы1ащ 2022 гъэм АР-м и Министрэхэм я кабинетым илэжьакъэм.

IЭТАЩ1ХЬЭМ и къэпсэльэныгъэм нэхъыщхьэу къыжьэдэкIыр ящ1ыщ1м 2022 гъэм Адыгэ Республикэр кьыдэзрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэририкъур зэрагъэлъэпIаг, а Iуэхум и фIыгъэкIэ хэгъэгум и цIэр нэхъыбэм зэрызэхахар, зыхуэкъуейкIэр къэрал утыку къызэрыраХьар, зыужьыныгъэ къызыпэкIуэн лэжьыгъэ зэрауБзыхуар. Къумп1ылым жи1ащ я щ1ыналъэр илъэсищ1э зэрырикъум ирипежьэу ягъэбелджылаУэ щ1ита Iуэхугъэр къызыхуэтынщэу къызэрыраХьэлIар, абы нэмыщ1 л1эпкъ проектхэр, къэрал программэхэр, Адыгейм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм теухуа программэ хэхар, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и программэр яг1эзащ1кIэрэ зыужьыныгъэ нэрыльагъуэхэм зэрыхуэкIуар.

Абыхэм къадэкIуэу, Урысейр гъэкIуам зыпэщ1эуэ гуГъуэхьэм я гугъу щ1ищ1ым, Iэтащхьэм жи1ащ къэрал псом хуэдэу, республикэри зэкъуэуэвэу л1ьэпощхьэпхэм зэрапэщ1эуэвар, иджыпсту зауэ губгъуэм ит дзэлIэхэм Адыгейм и сэлэтхэри зэрахэтыр, л1ыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу я хэку цыкIури инри зэрахъэмрэ. Л1ыхъужь нэсу къызэрыщ1экIам щхьэкIэ АР-м щ1ыщ1 лейтенант нэхъыщхьэ Завołянский Валерий «Урысейм и Л1ыхъужь» цIэ л1ьапIэр къыфIащащ, хэкIуэда нэужь. Иджыпсту СВО-м щ1ыхэм ядолэпыкъу хэгъэгури абы иц цIыхухэри. Къыщ1ынымщ1эу, Урысейм къыхахъэхьэжа щ1ыналъэхэм ящ1ыщ1 Адыгейм и нэIэ зытетхэм ерыскъыкIи, щ1ыгъынкIи, хуащ1эжкIи, н.къ. ядолэпыкъу, зэхэкъутахэр зэрагъэпэщ1ыж.

Гъэззщ1акIуэ властым иригъэкIуа лэжьыгъэхэм щ1ирилъэжьым Iэтащхьэм лэжьыгъэм и пIалъэ я1ущ1у Iуэхум иужь зэритамрэ федеральнэ дзэпэпкъуныгъэмрэ я фIыгъэкIэ экономикэр зэрырагъэфIэкIуар. А псом я щ1ыхьэтщ1 Къумп1ыл Мурат УФ-м и Президент Путин Владимир лэжьыгъэ Iуэхугъэ щ1ыхуэзам щ1ыналъэм и зыужьыныгъэм арэзы техъуэу зэрыщ1агъ.

2022 гъэм Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ Къумп1ыл Мурат иджыри зэIэтащхьэу хахьжащ. Абы фIыщ1э яхуищ1ащ къэрал унафэщ1м республикэм и щ1ыхуэхэм икIи жи1ащ а хэм я дзыхьэр игъэпэжьым зэрыхуущ1ынур, сыт хуэдэ ехьэл1ныгъэри Адыгейм и лъэпкъыбзэм я фIыщ1эу зэрыщ1ытыр.

Къал1эхэм я теплъэр ирагъэфIакIуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. 2023 гъэм КъШР-м щ1ащIтI3 56-рэ жылагъуэ щ1ыпIэу 12-рэ зыхуей щ1ыхуэзэжынущ. «Жильё и городская среда» л1ьэпкъ проектым хьихь «Формирование комфортной городской среды» Iыхьэм и фIыгъэкIэ, хэгъэгум и къал1эхэм я теплъэр ирагъэфIакIуэ, жылагъуэ зекIуапIэхэр игъэдахэ. Щ1ыхуэхэр тынщу, щ1ынагъэнщэу, я гур хэхъуэу псэун, л1ажьэн, къал1ыхьэн папщIэ къал1эм щ1эуэ дащ1ыхьхэмрэ къызэрагъэпэщ1ыжхэмрэ къыпхуэмылъытэнщ. Ауэ щ1ыхъукIи, нэхъапэм и1а архитектурэм зэран хуэмыхуэу теплъэщ1э ират.

Мы проектыр сэбэн хъунущ къал1эхэм я зэIуэзэщ1ынныгъэр процент 30-кIэ нэхъыбэ хъунымкIэ. А лэжьыгъэхэм жьыджэру хэтынущ езы къал1эдзэсхэри, абыхэм я еплъыкIэхэр Iуэхум къыхалъытэнущ.

Жылагъуэ щ1ыпIэхэр зэрырагъэфIакIуэм къал1эм и теплъэр игъэдахэ къудейкIыи, ат1э къал1эдзэсхэм я щэнхабзэм, псэукIэм нэхъри зрагъэI1эт, экономикэ и л1эныкъуэкIэ Iэмал щ1ыщ1эхэр къахухьуокI.

«Формирование комфортной городской среды» л1ьэпкъ проектым Къэрэшей-Шэрджэсым лэжьэн зэрыщ1ыдзэрэ пщIантIэ 380-рэ, жылагъуэ зэхуэсыпIэу 70-рэ зыхуей хуэдгъэзащ1», - жи1ащ КъШР-м псэупIэ-коммуналнэ IэнатlэхэмкIэ и министр Семэн Ренат.

Лъы тыныр - псапащIэ нэхъыщхьэщ

КЪБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ хабзэубзыхыр органым и президиумым зи чэзу зэIуIэ иригъэкIуэкIащ. «Правительствэм хухах сыхьэтым» депутатхэр щытепсэлъыхьащ республикэм Лъы тыныжкIэ и IэнатIэм и зыужьынымкIэ.

КЪБР-м узынщагъэр хъумэныжкIэ и министр **КъалэбатэрРустам** Iуэхум теухуауэ ещхьыщапсалъэм хъыжьыгъэщащ узынщагъэр хъумэныжкIэ IэнатIэм Лъы тыныжкIэ Iуэхущ IалIэм ущыIэ щхьэхуэ зэрыщиубыдыр - абы и лэжьыгъэр хуэунэтIащ медицинэ Iуэхущ IалIэхэр лъыкIэ къызэгъэпэщыным, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм папщIэ гъэтIылъыгъэ гъэхьэзыныным.

Лъы тыным теухуа IуэхуэхмэкIэ мы зэманым республикэм щылажьэр зы Iуэхущ IалIэщ. Ар КЪБР-м Узынщагъэр хъумэныжкIэ и министерствэм лъы щат и станцыращ, абы кьепхауэ мэлажьэ медицинэ Iуэхущ IалIэхэм щыIэ трансфузиологие пэшхэр. Станцым лъымрэ абы и Iыхьэжэрэ къызэрагъэсэбэныным щыхуагъэхьэзыр икIи щахъумэ.

Iуэхущ IалIэм и лэжьыгъэр зэтеублащ УФ-м Узынщагъэр хъумэныжкIэ и министерствэм хабзэр и лъабжьэу зэхигъэува дэфтэрым къыщыгъэлъэгъуа жыпхъэщIэхэм тету. IэнатIэм къудамэ 11 иIэщ, псори зэхэту абы щолажьэ щыхуи 131-рэ. Лэжьыгъэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ, 2019 гъэм щегъэжьауэ 2021 гъэ пщIондэ Iэщагъэ зэхуэмыдэжкIэ я зэфIэкIым зэрыхагъэхъуэн Iэмал зыбжанэ IэнатIэм къыхахъхьащ.

Узынщагъэр хъумэныжкIэ IэнатIэм фIагъ лъагъэ зиIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэм зэрызыщиужьым къызэкIуэу щыхуэхуэм хакIэну къагъэсэбэпын лъы пхъыбэ хуэныкъуэ щыхъуэ. Апхуэдизу 2022 гъэм Iуэхущ IалIэм кьеклуалIэрэ лъы ятащ щыхъу 6154-м. Къапщтэмэ, иужьрей илъэситхум донорхэм я бжыгъэм хэхъуащ: процент 44-рэ хъуэу щытати, блэкIа илъэсым ар 62-м нэсащ. Апхуэдизуи лъыр зэрахъумэн хуей пIалъэр зэрикIам кьыхэкIыу, ар щыхьIадзэжа иужьрей илъэситIым кьахуихуакъым.

КъалэбатэрРустам и гугъу щIащ лъыр гъэхьэзырныжкIэ планыр зэрагъэзащIэм, плазмэмрэ эритроцитхэмрэ зэрахъумэ пIалъэр нэхъыбэ зэращIам, Iуэхущ IалIэм и мылькытехникэ лъабжьэр зэрырагъэфIэкIуам, лъы щыхаш ягъэIэпхъуэ комплексыр зэрылажьэм.

Лъы щат республикэ станцым иригъэхуIэ лабораторэ къэпщытэныгъэхэр иригъэфIэкIуэн папщIэ, 2011 гъэ лъандэрэ ар хэтщ фIагъым и пщалъэхэр кьэзыхутэ федеральнэ дунейпсо программэхэм. Министрым кьхьихгъэщащ щыIалъэм Лъы щат и IэнатIэм иргъэхьэзыр эритроцитхэр, лейкоцитхэр, тромбоцитхэр, плазмэр медицинэм кьигъэув иджыйей жыпхъэхэм хуэкIуэу икIи шынагъэнэзу зэрыщытыр.

ЩыIэ хабзэхэм япкъ иткIэ, республикэм щагъэзащIэ донорхэм защIэгъэкъуэным теухуа Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр. 2022 гъэм лъы зытахэр Iуэхущхьным республикэ бюджетым кьыхэкIыу сом мелуани 2,9-рэ хухахащ. Лъы зыта цыхьу 8388-рэ ягъэшхащ, ику иту зы цыхьум сом 353-рэ хуэзэу.

ЩыIэнэзу 40-рэ, абы нэхъри нэхъыбэрэ лъы зытахэр дамыгъэхэмкIэ ягъэпэжащ. Апхуэдизу «Урысейм щыхь зиIэ и донор» бгъэхэлIу 2022 гъэм щыхьу 18-м, 2021 гъэм 19-м хуэгъэфащащ. БлэкIа илъэсым гъэ къэзят ахъшэр яIэрыхьащ СССР-м, Урысейм щыхь зиIэ и донор 881-м. 2023 гъэм зы щыхьум хуэзэу илъэс къэс ят а ахъшэр сом 15700-рэ хуэщащ.

2020 - 2021 гъэхэм Лъы щат IэнатIэр зыхуэныкъуэ медицинэ IэмэпсымэхэмкIэ кьызэрагъэпэщащ, сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIащ.

IэнатIэр бжыгъэр зи лъабжьэ Iуэху зехьэкIэм зэрыхуэхIуам ипкъ иткIэ, 2022 гъэм щегъэжьауэ Къэрал IуэхутхьбзэзэкмкIэ зыуэ щыт портал кьэбгъэсэбэпу лъы птыну уэзрыуеймкIэ хъыбар ебгъэщIэфынчущ, донор уэзрыхъуам щыхьэт техтыу электроннэ тхылъыр зыIэрыбгъэхъэфынущ, къуищхьэ куI хуэныкъуэхэм папщIэ донор хъфынчэрэ я федеральнэ регистрым зыхебгъэтхэфынущ.

- Iуэхущ IалIэр зыхуей-зыхуэфIкIэ зыкъэгъэзэпэщынкIэ зэпымыууэ зэрекIуэкIым, абы и Iэщ IагъэлIэм и щIэныгъэм, Iэзэгъэм федеральнэ клиникэхэм зэрыщыкъагъахъуэм я фIыгъэкIэ, щыналъэм Лъы щат и IэнатIэр КИФЩI-м щынэхъыбэрэ ящыщащ, - кьыхихгъэщащ министрым.

И къэпсэлъныгъэм и кIэм Къалэбатэ Рустам къигъэлъэгъуащ Лъы щат IэнатIэм и лэжьыгъэр адэжкIи егъэфIэкIуэныжкIэ зэман гъунэгъуэ зэфIагъэкIыну зыхуагъэуэныжа къелэнхэр. Абыхэм ящыщщ донорым и пщIэр кьэIэтыныр, IэнатIэм и мылькытехникэ лъабжьэр егъэфIэкIуэнэр, донорхэм хуэныкъуэхэр щхьэхуэхэр кьахуэгъэпэщыныр (ЖКХ-м и Iуэхутхьбзэзэкм я уасэхэм, жылагъуэ транспортым и гъэгугъущIэхэм, нэгъуэщIхэми я теуухуауэ), апхуэдизуи «КЪБР-м щыхь зиIэ и донор» бгъэхэлIу дамыгъэр гъэуэныр.

Егоровэ Татьянэ Лъы щат IэнатIэм лажьыгъэшхуэ зэригъэзащIэр кьыхигъэщри, жиIащ лъы тыныр псапащIэ Iуэхуэхм я нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Ар щIэупщIащ донорхэр гъэшхэныр кьыззэрагъэпэщым, лъыр пты щIэмыхъуныр щхьэхуэгъуэхэр зыхуэдам, коронавирус уэзрыр зэрыщIалъэр зыпкърытахэм лъы ятын папщIэ сыт хуэдиз зэман дагъэкIын хуейми.

ЩIыналъэм и хабзэубзыхэу IэнатIэм и унафэщIым и упщIэхэм жэуап яритащ Лъы щат республикэ станцым и дохутыр нэхъыщхьэм и кьалэнхэр зыгъэзэащIэ **Узденовэ Динэ**. Абы жиIащ донорхэр лъы кьыхашын ипэкIи ар ята нэужькIи пщIэншэу зэрагъашхэр. Лъы зрагъэтнухэр кьызэрыхахым и гугъу щищым, Узденовэм кьыхигъэщащ япщIыкIэ донорым докутыр зэрелсэлъэр, и узынщагъэр зыхуэдэр кьипщытэн мурадкIэ. Апхуэдэуи абы кьигъэлъэгъуащ балигъыпIэ иува дэтхэнэми, сыт хуэдэ ныбжьым итми емылытауэ, и узынщагъэм Iэмал кьуритыххэмэ, лъы ит зэрыхъунур.

Узденовэ Динэ жиIащ коронавирус уэзрыр зэрыщIалъэ лIэужьыгъуэщIэр зыпкърыта цыхьум и узынщагъэр тэмэму зэтеувэжамэ, мазэ дэкIа нэужь лъы ит зэрыхъунур. Ауэ уэзыфэр тхьэмбылым кууэ хыхьэу, хьэлъэу игъэсыжамэдж, донор хъун папщIэ мазиххIэ екъэзэ хуейщ.

КЪБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, инноваци зыужьныгъэмрэ хьэрыфэтыщIэ IуэхуэхмэкIэ комитетым и унафэщI Iэпщэ Заур къэрал поликлиникэм анализэр пщIэншэу щытыныжкIэ щыIэ Iэмалхэм теуухуа упщIэр кьыйтащ.

Республикэм узынщагъэр хъумэныжкIэ и министрым жиIащ щыналъэм и поликлиникэхэм, район сымаджэщхэм и кьудамэхэм хуаутIыпщ мылькум, ФIэкIыпIэ зимыIэ страхованэмкIэ полисым Iэмал кьаэзрипитыр дэтхэнэ зы цыхьуми и узынщагъэр пщIэншэу кьапщытэну.

КПРФ-м и унафэщI **Пащты Борис** министрым елъэIуащ КъуиткъуужьИщхъэрэ къуажэм дэт участкэ сымаджэщым и щытыкIэм гулъытэ хуищIыну икIи медицинэ Iуэхущ IалIэхэр зэрагъэпэщащ, абы кьыдэкIуэу кьигъэлъэгъуащ щыналъэм и медицинэ Iуэхущ IалIэ псори лъыкIэ кьызэрыгъэпэщ IэнатIэм лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэр, донору ущытыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Депутатхэм я Iуэху епльыкIэхэр кьагъэльэгъуа нэужь, ягъэбелджылащ зытепсэлъыхьа Iуэхуэхр зи кьалэн IэнатIэхэм гулъытэ зыхуэщIипхъэ лэжьыгъэхэр.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ IалIэ.

● ЕгъэджакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэс

Псэм ехуэбылIэ IэщIагъэ

«Сызэрысабийрэ егъэджакIуэ Iэщ Iагъэм сыпэгъунэгъуэ, сыдикъэхыу сыкъекIуэкIащ. Ар я фIыгъэщ школым егъэджакIуэу щызиIа, иджы си лэжьэгъуэхъужа цIыху щэджащэхэмрэ пщIэдзэ классхэм егъэджакIуэу илъэс 40-м нэскIэ щылажьа си анэ Алэкъей Лусенэрэ», - апхуэдэ псалъэхэмкIэ ди зэхуэзэр иублащ Шэджэм щыналъэм хыхьэ Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм дэт курыт школ №92-м аддэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Алэкъей Милатинэ.

И псэм ехуэбылIэу илъэс 25-рэ хуэдизуи егъэджэныгъэ гъэсэныгъэ IэнатIэм пэрытщ Алэкъей. Иджыри 10-нэ классым щIэсу, пщащэр щытекIуауэ щытащ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ республикэпсо олимпиадэм. Ялэ увыпIэр кьэзыхьа и еджакIуэ цIыкIум анэдэлъхубзэр нэхъ куужу иджыну тригъэгушхуащ и егъэджакIуэ Дышэкl Ритэ. Абы и чэнджэщхэр и гъэгугъэлъэгъуэу, Милатинэ езыр-езыру хигъахъуэу хуэежащ бзэмрэ литературэмкIэ бгъэдэлъ зэфIэкIхэм. Курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ кьэзыуха хъыджэбзыр лъэпощхьэпоунэщу щIэтIысхьауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кьудамэм. Ар хъарзынэу къиуха нэужь, езыр зыщIэса курыт школым егъэджакIуэу игъэзэжащ, ехъулIэныгъэфIэкIэ зыIэригъэхьэу, и цIэр фIыкIэ ящIауэ и IэнатIэр ирехьэкI.

- Си лэжьыгъэр сфIэфIщ, си Iэщ Iагъэр сфIэдахэщ. СыхущIокъу сабийхэм адыгэбзэр ядж кьудей мыхъуу, адыгэ дуней тетыкIэ, зэхэтыкIэ дахэр зэрахэслъхьэным; адыгэ щIэблэ екIу кьызэрызгъэтэджыным. Абы кьыхэкIкIэ, бзэр езыгъэдж дэтхэнэ зы егъэджакIуэми хуэдэу, кьалэн хэха си пщэ дэлъу кьызэольытэ сэри, - и Iэщ Iагъэм топсэльыхь АлэкъейР. - СхужьыIэнукъым си лэжьыгъэр тыншу, псори зэуэ кьыззэхъулIэу, ауэ сыхущIокъу сызыхэпсэуэрь зэманым сыдекIуным. Сыщышынэркъым къэувыIэ имыIэу зызыужь дунеймрэ псэукIэщIэмрэ ди лэжьыгъэм кьыхилъхьэ щIэм. БлэкIам фIыуэ хэлъыр щIэуэ кьежьэм кьезгъэзэгъыну сытогушхуэ.

Милатинэ дерсхэм щIэх-щIэхыуэ кьыщегъэсэбэп егъэджэныгъэм кьыхьихьэ Iэмалыщ Iэхэр. Адыгэбзэм и IэфIагъэр сабийхэм гурэ псэкIэ захригъэщIэн папщIэ, егъэджакIуэм и урокхэр зэмыIэужьыгъуэу ещхьэ: абы хэзт дерс-эпIэуэхэр, джэгур зи Iэмал нэхъыщхьэхэр, зы Iуэхугъуэ пыухыкIа гуэркэр, темэ хьэлэмэтхэр щызэпкърах аналитикэ урокхэр, дерс-кьэхутэныгъэхэр, нэгъуэщIхэр. А Iэмалхэм я фIыгъэкIэ ныбжьыщIэхэр анэдэлъхубзэм нэхъ дехьэх, абыкIэ щIэныгъэщIэ зрагъэгъуэт. ЕгъэджакIуэ Iэкъуэлъакъуэм фIыуэ кьыгуроIуэ школым щIэныгъэлъхьэуэ кьекIуалIэ иджырей щIэблэр кьызэрыгуэкI дерсхэмкIэ кьызэрыпхудэмыхьхьыну. ИпэкIэ иригъэджакъэм ирилъыту, Милатинэ кьыхегъэщ зэманым зэрызихуэжам хуэдэу цIыхум и гупсысэми, дуней епльыкIэми зэрызахъуэжар, абыхэм зэрызаужьар. Иджырей щIэблэр нэхъ жыджэрщ, нэхъыбэ ящIэну, нэхъ кууэ Iэхъум хэплъну хуейц, абы папщIэ Iэмал псори яIэщ. УнэтIакIуэ Iэзэм ельагъу и лэжьыгъэм кьыщигъэсэбэп бгъэдыхьэкIэщIэхэм егъэкIуэкIэри зэрыдахьэхыр, дерсхэр нэхъ щIэщыгъуэ, купщIафIэ зэращIыр.

- Пэжщ, Iуэху кьызэригуэкIкъым нобэрей еджакIуэр кьыдэпхьэхыныр, абы папщIэ умыуыIэу си щIэныгъэмрэ зэфIэкIыныгъэмрэ кьеъэфIэкIуэн хуейщ, си лэжьыгъэм щIэщыгъагъ хэплъхьэн хуейщ. Сэ къэслъытэркъым абы си лэжьыгъэр нэхъ хьэлъэ ищIу, атIэ кьежьэ псори кьезгъэзэгъыуэр абы сэри зыдызоужь, - жеIэ Милатинэ.

Интернетым иIэ Iэмалхэр и Iэдэжу, Алэкъейм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ интерактивнэ лэжьыгъэхэр кьызэрегъэпэщ, ахэр и урокхэм кьрегъэззэгъри лэжьыгъэр нэхъ хьэлэмэту ехуэху. ЕгъэджакIуэм и апхуэдэ лэжьыгъэхэр щыгъуэ, купщIафIэ зэращIыр.

- Пэжщ, Iуэху кьызэригуэкIкъым нобэрей еджакIуэр кьыдэпхьэхыныр, абы папщIэ умыуыIэу си щIэныгъэмрэ зэфIэкIыныгъэмрэ кьеъэфIэкIуэн хуейщ, уи лэжьыгъэм щIэщыгъагъ хэплъхьэн хуейщ. Сэ къэслъытэркъым абы си лэжьыгъэр нэхъ хьэлъэ ищIу, атIэ кьежьэ псори кьезгъэзэгъыуэр абы сэри зыдызоужь, - жеIэ Милатинэ.

Интернетым иIэ Iэмалхэр и Iэдэжу, Алэкъейм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ интерактивнэ лэжьыгъэхэр кьызэрегъэпэщ, ахэр и урокхэм кьрегъэззэгъри лэжьыгъэр нэхъ хьэлэмэту ехуэху. ЕгъэджакIуэм и апхуэдэ лэжьыгъэхэр щыгъуэ, купщIафIэ зэращIыр.

- Пэжщ, Iуэху кьызэригуэкIкъым нобэрей еджакIуэр кьыдэпхьэхыныр, абы папщIэ умыуыIэу си щIэныгъэмрэ зэфIэкIыныгъэмрэ кьеъэфIэкIуэн хуейщ, си

Зэпсэлъэныгъэхэм хэтыжынукъым

Украинэм щекІуэкІ зауэр мамыру зэфІэхыным дэлэлу дяпэкІэ щыщытыжынкъым США-м, Инджылызым, Франджым, Германием я лІыкІуэхэр. Сыту жыпІэмэ, зи гугъу тщІы къэралыпІри Урысейм къоныхъуэкъу. Апхуэдэ хъыбар игъэІуащ УФ-м Нэгъуэщі къэрал Іуэхухэмкі и министерствэм.

ПСОРИ къызыхэкІар Мюнхен щынагъуэншагъэм текухуауэ щекІуэкІа конференцым и унафэщІу щыта Ишингер Вольфганг Украинэм и Іуэхур мамыру зэфІэхыным Вашингтон, Лондон, Париж, Берлин щыщ лІыкІуэхэр Іэмал имыІэу хэтын хуейуэ къызэриІытарщ.

Зи гугъу тщІы къэралипІлми Украинэм Іэщэ кърагъашэ, а Іэщэмкіэ Урысейм къыпэщІэтщ. ЖыпІэ хъунущ кІыхьдгъэщэ къэралхэр хамэІэкІэ къыддэзауэу. Іэщэ кърагъашэми кІыщынэркъым - националистхэр зэуэкІэм хуагъасэ, Урысейм санкцэ зауэр къращыпІэ, а къэралхэм ди мылъкуу щыІэхэр яубыд, трибуналкІэ Москваи, УФ-м къыдэщІ къэралхэри ягъэшынэну хущІокъу, щыжаІэ министерствэм. Апхуэдэ бгъэдыхьэкІэ зиІэ къэралхэм уадэлажьэ хъуну? Абыхэм я зэранщ Киев къэрал унафэщІыр щытрадзу, зэхъуэкІныгъэхэр къызэрещыхъуар. А къэралхэм Украинэм къыщекІуэкІэр щыдаІыгъам наІуэ хъуат «Минск зэгурыІуэныгъэхэр» фэрыщІагъэу зэрырагъэкІуэкІнур. КъызэрыщІэкІари псоми долъагъу.

Урысейм къэдрэ кІыхигъэщащ Киев гурыІуэну зэрыхьэзырыр, ауэ Украинэм и унафэщІхэм апхуэдэ мурад яІакъым. Псом хэмыдзу, зи гугъу тщІа къэралипІлым кІыхъраджэ зэпытщ зауэр нэхъри щІэгъэхуэбжьным. УФ-м и унафэщІхэм сыт щыгъуи жаІащ апхуэдэ дэІэпыкъуныгъэм украин лъэпкъым игъэ гугъуехыр, гуауэр нэхъри зэрызэщІигъаплъэр. УФ-м и Президентым и пресс-Іуэхущ Іапіэм и унафэщІ Песков Дмитрий арагъэкІуэкІ зауэ Іуэху хэхар и кІэм зэрынагъэсым шэч лъэпкъ къытрихьэркъым.

Путинымрэ Сирэ я зэхуэзэм Къухьэпіэр щІигъэгузавэр

Фигу къэдгъэкІыжынщи, иджыблагъэ Москва щызэхуэзащ Китайм и Іэтащхьэ Си Цзиньпинрэ Путин Владимиррэ. Абыхэм я зэІущІэр щыхьэт тохъуэ дуней псом и тету зыкъызыщыхьужа Америкэм и Штат ЗэгурыІуэм зрагъэщІэжыну, апхуэдэуи, и пІэ ирагъэувэжьыфынуи къэралитІыр зэрыхьэзырыр. Зи гугъу тщІы лЫщхьитЫр зэрызэкъуэувэр Вашингтон фІэфЫщІэу щытхъым, уеблэмэ къегъэгузавэ тепщэныгъэр дунейм щыІэщІахьинкІэ.

ЩІЫ хъурейр зыІэщІэлъу иужьрей илъэсищІым къызыщыхъужа къухьэпІэ политикхэм я епГыкІэр зэрыщыІуагъэр къагуригъэІуэжу хуэжащ Китайр къэрал лъэрызехьэ зэрыхъуам, апхуэдэуи, Урысейр зэкъуэува НАТО-м и къарум Украинэм зэрыщыпэщІэтым. Ауэ ахэр апхуэдэ щытыкІэм хуэхьэзыркъым. Аращ США-мэ абы къуэт къэралхэмрэ пасэныгъэр яутІыпщыну щІэмыазрэзыр. Абы къыхэкІи, зым зыр кІэлъыкІуэу, емыгупсысауэ щыуагъэхэр яІэщІокІ.

Къыхэгъэщыпхъэщ Москварэ Пекинрэ захуагъэр я тепщэныгъэ я щыналъхэм я шынагъэншагъэр къызэгъэпэщыным зэрыхуэкІыр. Ар нэгъуэщІ къэралхэм ебэныным хуэгъэзагъым. Ауэ мамырыгъэр и тегъэщІапІэу зэкъуэува къэралитІым я сабэп хэлъщ дунейм щызэтеува хабзэм зэрызрагъэхъуэжым - Урысейр Украинэм НАТО-м щыщыпэщІэува зэманым Китайм КъуэкІыпІэ Гъунэгъум екъулІэныгъэ щызыІэригъэхьащ, Саудей Хьэрыпымрэ Иранымрэ зэращІыпІа мамыр зэгурыІуэныгъэм хэлІыфІыхьащ. А зэгурыІуэныгъэм Іэмал къаритащ Урысей - Китай зэгухьэныгъэм нэгъуэщІ къэралхэм хуаІэ пыщІэныгъэм зиужьынымкІэ абыкІи США-мрэ абы къыдэщІхэмрэ тепщэныгъэр щаІыгъ къэралхэр къагъэтІэсхъэныкІэ.

Къухьэпіэ къэралхэм, дауи, я гум техуэнкІэ Іэмал иІэкъым Урысеймрэ Китаймрэ зэгъусэу хьэрхуэрэгъу лъэщ къаухьэныр. Абыхэм къагуроІуэ ар щынагъуэу зэрыщытыр.

Ауэ, Путинымрэ Сирэ я зэхуэзэм ди къэралитІыр къэдкІэ щогугъ.

Дуней псор кІэлъыплъащ а зэІущІэр зэрекІуэкІам. Абы кърикІуахэр дяпэкІэщ къыщапщытэжынур, ауэ, Вашингтон къыщыдэкІ «The Hill» политикэ газет цІэрыІуэм и обозреватель Митчелл Эллен къыпытащ Си Цзиньпин Москва къакІуэу Путин Владимир къызэрыуэзар США-мрэ абы и лъэныкъуэ къэралхэмрэ яхуэгъэза бэнэныгъэу. «The New York Times» газетым итхащ Китаймрэ Урысеймрэ я щхьэхуитыныгъэр, экономикэр зэгъусэу яхъумэжын папщІэ зэкъуэувэу. «Financial Times» газетым къызэрилъытэмкІэ, Китайм и лІыщхьэр Москва къакІуэщ Украинэм и Іуэхур мамыру зэфІэхын папщІэ. «CNN» телеканалым Си Цзиньпин и къэкІуэныгъэр езы Китаймкіэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэу, дипломатие и лъэныкъуэкІэ абы и пщІэр дзэгугъуэй лъэбакъуэу къыпытащ.

Къухьэпіэ къэралхэм сыт хуэдэ епГыкІэ яІэжьнуми хуитыжщ, ауэ, шэч зыхэмылъыжырщи, ди къэралымрэ Китаймрэ зэкъуэтмэ, сыт хуэдэ щытыкІэ гугъуми къызэрикІыфынур мы зэманым гурыІуэгъуэщ.

ЦІыхугъэм и мардэхэр

Аутизмэм ехьэлІа хъыбарыр цІыхухэм ялъэгъэІэсыным и дунейпсо махуэм ирихьэлІэу къызэрагъэпэщ, #ЦІыхуэхэр ЦІыху Хуэдэу зи фІэщыгъэ урысейпсо инклюзив гъэлъэгъуэныгъэр иджыблагъэ Налшык къалэ ебланэу щрагъэкІуэкІащ.

КЪЭРАЛ концерт гъэлъэгъуэІэм къекІуэлІат КЬБР-м и къэрал къулыкъущІэхэр, щІыналъэм медицинэмрэ жылагъуэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и Іуэхущ Іапіэхэм я лэжьакІуэхэр, КЬБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм и Іэщ Іагъэлъхэр, аутизмэр зи ГъащІэм хэт адэ-анэхэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр. Инклюзив гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэпэща, аутизм зиІэхэм я узыншагъэм лъэныкъуэ псори къызэщІиубыдэу якІэлъыплъыныкІэ щыхьэгъэнэ Налшык къалэм дэт, курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущ Іапіэ-интернат №93-мрэ я лэжьакІуэхэм зэрыжаІамкІэ, УФ-м мыпхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэм гулъытэшхуэ щегъуэт, мы махуэкэм ар къэралым и щыналъэ 52-м жыпхъэ зэмылІэужьыгъуэхэм иту щрагъэкІуэкІ.

«Дэтхэнэми, бгъэдэлъ узыншагъэмрэ къызэкІамрэ емылъытауэ, и цІыхущхьэм пщІэ хуэфащэщ, гулъытэ хуэщІыпхъэщ. Аутизм зиІэхэм дунейр нэгъуэщІнэкІэ зэральагъуэм шэч хэлъкъым. Тхуэзэфэк Іэ къэдмыгъэнэу абы-хэм щІэгъэкъуэн дахуэхъун, щытхъэфІэкІым деж дещхьэпэн хуейуэ къыдолъытэ. Мыпхуэдэ зэхуэсхэм аутизм зиІэ сабийкэр зэрыс унагъуэхэм защІэзыгъакъуэ икІи ядэлажьэ зэгухьэныгъэхэм я хъыбарыр къыщащІэну Іэмал яІэщ, ар къэгъэнауэ, щхьэж и щхьэхуитыгъэм елъытауэ къадэІэпыкъуфынухэр щІэзэхгъэкІ», - жаІэ КъуэкІэрщІэпэщакІуэхэм.

Къыхэбгъэщмэ, КЬБР-м аутизм зиІэ сабий 512-рэ щопсэу. Абыхэм ящыщу 355-р сабий гъэсапІэхэм, курыт еджапІэхэм, интернатхэм макІуэ. Къапщтэмэ, КЬБР-м курыт щІэныгъэ щызрагъэгъуэт Іуэхущ Іапіэ 94-р аутизм зиІэ сабийхэм щадолажьэ. Налшык къалэ дэт еджапІэ-интернат №3-м аутизм зиІэ сабий 52-рэ щІэсщ. Абыхэм егъэбыдыпІащ псэлъэкІэм кІэлъыплъ, ар зэтезыуэх Іэщ Іагъэлъэхэр. Апхуэдэу къэгъэлъэгъуэн хуейщ сабийхэм я психофизикэм теухуауэ щадэлажьэ класс щхьэхуэхэр зэрыщыІэри. Ахэр программмэ хэхакІэ щалажьэ, щхьэж и зэфІэкІ теухуауи гъэпсащ. Класс щхьэхуэхэм сабии І07-рэ щІэсщ. Абыхэм ящыщу 49-м аутизм яІэщ. Псори зэхэту апхуэдэ сабийхэм егъэджакІуэ 22-рэ ядолажьэ.

КЬБР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ зэрыжиІамкІэ, Аутизмэм екъэлІа хъыбарыр цІыхухэм ялъэгъэІэсыным и дунейпсо махуэр лъэпкъ махуэгъэпэсэм зэрызэувэрэ куэд мыщІами, и мыхьэнэм кІуэтэху хохъуэ. «Аутизм зиІэ сабийхэмрэ ахэр зэрыс унагъуэхэмрэ щІэгъэкъуэн нэс ахуэхъуэн зэрыхуейр къэрал къулыкъущІапІэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, псапащІэ фонд зэмылІэужьыгъуэхэм, цІыхухэм ягу къэзыгъэкІыж щхьэусыгъуэщ махуэр. Мыпхуэдэ жэрдэмхэр зыхуэунэтІари аращ - аутизмэр зищІысыр цІыхубэм къагурыгъэІуэныгъэ, уеблэмэ абы утеплъэкъукІ зэрымыхъунур зэхегъэщІыкІынырщ. Іуэхум зэт лъэныкъуэ псори щызэлъэІэс щІыпІэхэр къызэгъэпэщын, аутизм зиІэхэр жылагъуэ ГъащІэм гугъуехь пымыльу хэшэныкъуэ щхьэж и Іэ ильымрэ хуэзэфІэкІымрэ хилъхьэн хуейщ. Дэтхэнэ цІыхури цІыху хуэдэу къэлъытэныр псоми ди зэхуэдэ къалэнщ, зэхэдзи зэхэгъэжи къыщІыхэкІын щыІэкъым. Дауи, зи гугъу щІы Іуэхугъуэхэм хуэунэтІауэ лэжьыгъэшхуэ дищІыналъэм щрагъэкІуэкІащ, куэди къыдэхъуІауэ жыпІэ хъунущ. Апхуэдэу щыт пэтми, къыптэщылъыр мащІэкъым. ДэІэпыкъуныгъэр нэсу зэтедублэмэ, щхьэж и ІэнатІэр зыхуейр хуэдэ ІаэхэмэрэІ, ягутэмэ ІэнатІэр зыхуейр хуэдэ ІаэхэмэрэІ, ягутэмэ ІэнатІэр зыхуейр хуэдэ ІаэхэмэрэІ, - жиІащ Егоровэ Татьянэ.

Къыхэгъэщын хуейщ КЬБР-м ЕгъэджакІэгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэмрэ

Евросоюзыр къутэжыным и къежьапІэу пІэрэ?

Парижрэ Берлинрэ я зэкъуэтыныгъэр Европэ зэгухьэныгъэм и лъабжьэу къалъытэу щыщыта зэманыр щыІэжкъым. А щытыкІэм иджы хуабжьу зихъуэжащ. Къэралхэр социально-экономикэ щытыкІэ гугъу къызэрихутам къегъэлъагъуэ щхьэж и щхьэр хихыу, я фейдэ къызэралъыхъуэм. ИкІи зи гугъу тщІы къэралитІым кърадзэжыркъым зэращІылІа зэгурыІуэныгъэхэр. ИкІи Франджымрэ Германиемрэ я зэкъуэтыныгъэр абы хуабжьу къегъэтІасхъэ.

«Дэгуитіым я зэпсэлъэныгъэхэр»

Мазищ ипэкІэ, Елисей зэгурыІуэныгъэр илъэс 60 зэрырикъум ирихьэлІэу Париж щызэхуэза Макрон Эмануэлрэ Шольц Олафрэ фэрыщІагъ хэлъу я Іэр зэрыубыдащ, икІи псоми зэхахыу жаІащ я сэбэп хэлъу зэдэлажьэну, ауэ энергетикэ и лъэныкъуэкІэ я къэкІуэнум теухуауэ иджы хуэдэу зэи зэпэжьыжь хъуакъым ахэр.

«Дэгуэм я псалъэмакъыр» зыр адрейм зыр зэхихынкІэ Іэмал зимыІэщ. КъэралитІым я фейдэ зыхэлъ зэгурыІуэныгъи зэращІылІэфынуи фэщщІыгъуейщ». Апхуэдэ Іуэху епГыкІэр иджыблагъэ щыжаІащ Франджы правительствэм къыдигъэкІ «Les Echos» газетым.

Германиемрэ Франджымрэ щІызэгурымыІуэхэм ящыщщ атом энергетикэр. 2011 гъэм Японием и АЭС-м къыщыхъуауэ щыта аварием иужькІэ, нэмыцхэм мурад яІащ атом энергетикэм къыпыкІыну. Къэнэжа энергоблокищым лэжьэнщагъэтынущмэлыжьхьыхьым и пэхэм.

Ядернэ реактору Франджым нэхъэр нэхъыбэ зиІэ европей къэралхэм яхэткъым. Илъэс 25-м щІигъуауэ, электрокъарууэ къагъэсэбэпым и процент 70-р къэзытыр а къэралым щыпажьэ АЭС-хэрщ. Париж хуейкъым ахэр ихьуэжыну. Ар икІи тынкъым. А къэралыр арэзыщ Еврокомиссэм къыхилъхьа, ток къэзыт нэгъуэщІ ІэмалыщІэхэр хуэм-хуэмурэ къигъэсэбэпкІэрэ, газыр нэхъ мащІэ ищыну. Ауэ атомым ирилажьэ станцхэр Іуихыну хуейкъым.

Атом станцхэм ехьэлІауэ Париж Берлин къызэрыпэщІэтым къыхэкІкІэ, «технологие къабзэхэр» жыхуаІэм атомхэр хагъэхьэу, Европей зэгухьэныгъэм и финанс программэхэм храгъэубыдэн яхуэгъэфІэкІакъым.

Машинэхэм теухуа зэныкъуэкъу

Хьэуар зыуцІэпІ, Іугъуэ фІыцІэ къызыпиуц двигателхэр 2035 гъэм къыщыщІэдзауэ, къыщІамыгъэкІыжыну ЕС-м унафэ къыщащтащ. Псоми зэрытщІэщи, автомобиль зэпэжьрыльхьэныжькІэ нэхъ зызыужьа адрей къэралхэм епГытмэ, пэрыту щыт Германием апхуэдэ унафэр ГъатхэпІэм къыщащтэн ядакъым.

Брюссель куэдрэ щызэпсэлъа нэужь, Европэ зэгухьэныгъэм и унафэщІхэм зэхудачыхыну зэгурыІуащ. МазутІым къыхащІыкІ гъэсыныпхъэхэм хуэщІа двигателхэр зэкІэ къыщІагъэкІынущ. «Mercedes», «BMW» автомашинэхэр 2035 гъэм иужькІи синтетикэ гъэсыныпхъэхэмкІэ ягъэлэжьэну хуитыныгъэ иратынущ. Апхуэдэ бгъэдыхьэкІэм къикІыр зыщ - сэ сщІэр фымыщІэу, жысІэр фщІэ.

Мыпхуэдэ щытыкІэр къызэрыбгурыІуэ хъунур Макрон Эммануэль и фейдэр пхимыгъэкІыу, и къэралым хэщІыныгъэ ириту икІуэтауэ, Шольц Олаф и кІэн къикІауэщ, икІи Франджымрэ Германиемрэ блэкІа илъэсхэм зэрыщытам хуэдэу, зэман ГъунэгъуМ зэкъуэувэжьфыну фІэщщЫгъуейщ.

Хуабагъ я зэхуаку дэлъыжкъым

Парижрэ Берлинрэ я зэхуакум джэду фІыцІэ зэрыдэжрэ куэд щІащ. Макронрэ Шольцрэ щыІэщІыпІэу зэрызэхущытым мызэ-мытІэу гу лъатащ. Бжьыхьэ кІуам Париж щекІуэкІа саммитым къэрал лЫщхьитЫмрэ журналистхэмрэ папщІэ къыщызэрагъэпэща пресс-конференцым къэкІуакъым. Апхуэдэ дыдэу хабзэ яхуэхъуауэ ирагъэкІуэкІ франджы-нэмыцэ министрхэм я советри ирагъэкІуэкІын ядакъым. Махуэ бжьыгъэ нэхъ дэмыкІыу ФРГ-м и канцлерыр и заукъуэдиІ Китаймрэ Франджымрэ зэгурыІуэу ежьэну трагъэщІами.

Макронрэ Шольцрэ нэгъуэщІ Іуэху зэхэзэрыхьахэри я Іэщ. Германием и «Deutsche» банк цІэрыІуэм и Іуэхухэр щыдэхуэхащ, и акцэхэр хуабжьу ехуэхащ, дефолтым хуэкІуэнкІи шынагъуэ щыІэ хъуащ. Къэралым и партищым я зэхуакум къыдэхъуа политикэ зэгурымыІуэныгъэми правительствэр гугъуехьхэм хидзащ.

Франджыми мазитІым нэблэгъауэ цІыхухэр щызэрызохьэ. Уэрамым къыдыхьахэр арэзыкъым пенсэ ныбжьыр илъэс 64-м зэрынагъэсам. Париж кІэрыхубжьэрыхум щІигъэнащ - пхъэнкІийхэр Іузыххэм лэжьэн ядэркъым. ЗыкъзэыІэтхэр ягъэсабырын папщІэ полицэм къеГъэсэбэп псыутх лъэщхэмэ, нэпсыр къыщІэзыху гъэзэщІэм.

Апхуэдэ щытыкІэм къыхута Франджымрэ Нэмыцэмрэ ягъэм зэхуаІэу щыта зэкъуэт-зэдэлэжьэныгъэр къызэрагъэпэщыжьыфыну фІэщщІыгъуейщ. Псори зэлъытар зэгъусэу я экономикэм зэрызэгъэуэжьыну Іэмал къызэрагъэтыну щыкІэрщ. Щхьэж и щхьэр хихьжу лъэныкъуэ зырызкІэ зэпэкъуу щытмэ, абы я лъагъуэм адрей европей къэралхэри псынщІэу зэрыщІэу ирикІуэну хуэбгъэфащэ хъунущ

«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар
НАФІЭДЗ Мухьэмэдщ

Псы кІуапІэ зэрыІыгъ

Мы илъэсым и кІэм нагъэсынущ километр 70 и кІыхьагъыу Бахъсэн щІыналъэм щаухуэ псы кІуапІэ зэрыІыгъыр. Ар ди республикэм щрагъэкІуэкІ ухуэныгъэ нэхъ инхэм ящыщщ.

УХУЭНЫГЪЭМ сом мелардитІ текІуэдэнущ. Гъэ блэкІам абы щыщу зы мелард хуаутІыпщ, мы илъэсми апхуэдиз дыдэ хухахынущ. Абы и фІыгъэкІэ щІыналъэм щыпсэу цІыху мин 98-р псыкІэ тэмэму къызэгъэпэща хъунущ.

2023 гъэм Шэджэм щІыналъэми ищапщэнущ псы зэхуэхьэсыпІэхэр зэгъэпэщыжыным текуэ лэжьыгъэхэм: псы щІэщІэшыпІэхэр яухэнущ, жьы хъуа бжьамийхэр щІэкІэ ящІыжынущ. Шэджэм Ищхъэрэ къуажэм,километри 4-кІэ бжьамийхэр щІалъхьнурэ, псынэпс къыщІэжьыпІэхэм падзэжынущ икІи абы и фІыгъэкІэ жылагъуэм Іэрыхьэнущ зы сыхьэтым хуэзэу псы кубометр 520-рэ, псы зэфэнумрэ къагъэсэбэпынумкІэ щІыхухэр щІэпІейтеин (псом хуэмыдэу гъэмахуэм) щымыІэу.

Мы Іуэхухэм къадэкІуэу Бахъсэн щІыналъэм щаублащ мазитІ гъатхэ лэжьыгъэхэр. Абы ипкъ иткІэ зэхаубла щэбэт щІыхьэхум хэтащ щІыпІэ самоуправленэхэм, лэжьакІуэ гупхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къабгъэдэкІуу щыху 4300-м нэблагъэ. Абыхэм я къарукІэ гектар 16-м щигъу зэщІагъэхьэбзащ, кІэрыхубжьэрыхуу тонн 20 дашащ. Лэжьыгъэхэр нэхъыбэу щрагъэкІуэкІащ къулыкъущІапІэхэм я Іэгъуэблагъэхэм, фэепльхэр здэщыт щІыпІэхэм, гъуэгубгъухэм.

Мазиті лэжьыгъэм хиубыдэу ЫуажэдэсхэмкІэ зыхуагъэзащ, щІыуэпсыр хъумэнымрэ къабзэу зехьэнымрэ теухуа дерсхэр драгъэкІуэкІащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Щэнхабзэ

Сыхъумрэ Налшыкрэ зэпащIэ

Адыгэ усакIуэ, тхакIуэ, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщIхьэ Къанькъуэ Заринэ иригъэжьа «Круговорот поэзии» литературэ Iэхум хыхьэу, КъБР-м Щэнхабзэмкl э и фондым хэщIэ лъапIэхэр кьыхуеблагъащ. Абхъаз усакIуэ, зэдзэкIакIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Зантарие Владимир и IэдакъэщIэкIхэм трауху пшыхьыр усыгъэм дихьэххэм дежкIэ тыгъэшхэт. Абы утыку кьурихьащ «Нимб земли» зыфIища и тхылъыщIэр. УсакIуэм и гъусэт щIэныгъэлI щIалэгъуали - Абхъаз къэрал университетым и егъэджакIуэхэу Гицбэ Инал, Габниев Дифэ, Капш Алхас, Анкваб Альбинэ сымэ.

ЗЭХУЭСЫР къызэIуахащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и пшыналъэ щIалэхэм ягъэзэщIа пшыналъэхэмкIэ. Пшыхьыр езыгъэкIуэкIа, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, ГъуэзджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и доцент **Къул Мадинэ** къызэхуэсахэм яхуIэпсалъэхьащ жылагъуэ, политикэ лэжьакIуэ, Абхъазым ЩIэныгъэхэмкIэ и Академиемэ и академик Зантарие Владимир и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ.

...Ар къыщыхъуар Тамыш къуажэращ. Сыхъум къэрал педагогикэ институтыр кIуэхащ. 1976 - 1999 гъэхэм Владимир корреспондент щылэжьащ «Апсны Капш» лъэпкъ газетымрэ Абхъаз радиомрэ. Адэкlэ ар абхъаз телевиденэм и редактор нэхъыщIхьэу, Абхъаз къэрал телерадиокомпаниемэ и унафэщIу, апхуэдэуи республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и секретару лэжьащ.

1991 - 1996 гъэхэм хахащ Абхъаз Республикэм и Парламентым и депутату. КъищынэмыщIауэ, Щэнхабзэмкlэ и фондым и унафэщIуи щытащ. 1994 гъэм ар яхэтащ дуней псом щыщ тхакIуэхэр зэгуусэу «Ренессанс» алыдж кхъуэхымкIэ хы ФыщIэм, Средиземнэ, Эгей тенджызхэм круиз щызыщIахэм.

1999 гъэм щегъэжьауэ 2001 гъэ пщIондэ Владимир лэжьащ Абхъаз Республикэм щэнхабзэмкIэ и министру. 2001 гъэм республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ ящIащ. Зантарие Владимир Абхъазым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и къудамэм и унафэщIщ. Урыс усакIуэшхуэхэм яхуIэпсалъэхьащ жылагъуэ, политикэ лэжьакIуэ, Абхъазым ЩIэныгъэхэмкIэ и Академиемэ и академик Зантарие Владимир и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ.

...Ар къыщыхъуар Тамыш къуажэращ. Сыхъум къэрал педагогикэ институтыр кIуэхащ. 1976 - 1999 гъэхэм Владимир корреспондент щылэжьащ «Апсны Капш» лъэпкъ газетымрэ Абхъаз радиомрэ. Адэкlэ ар абхъаз телевиденэм и редактор нэхъыщIхьэу, Абхъаз къэрал телерадиокомпаниемэ и унафэщIу, апхуэдэуи республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и секретару лэжьащ.

1991 - 1996 гъэхэм хахащ Абхъаз Республикэм и Парламентым и депутату. КъищынэмыщIауэ, Щэнхабзэмкlэ и фондым и унафэщIуи щытащ. 1994 гъэм ар яхэтащ дуней псом щыщ тхакIуэхэр зэгуусэу (зэуэ ирагъэжьащ Абхъаз Республикэм щэнхабзэмкlэ и министру. 2001 гъэм республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ ящIащ. Зантарие Владимир Абхъазым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и къудамэм и унафэщIщ. Урыс усакIуэшхуэхэм яхуIэпсалъэхьащ жылагъуэ, Тютчев Фёдор, Пастернак Борис, Брюсов Валерий, Мандельштам Осип сымэ, зэгуэущIхэми я IэдакъэщIэкIхэр япэ дыдэу абхъазыбзэкIэ зэзыдзэкIар араущ. Теленэтынхэр (зауэм щыIащ, триха репортажхэр телевиденэм кьыщагъэлъагъуэу), дафтэрхэр зи лъабжьэ фильм зыбжанэ игъэхьэзыращ. Тхылъ 30-м щIигъу кьыдигъэкIащ.

- Зэман нэхъ гугъуэхми ди лъэпкъ зэпыщIэныгъэхэр мыкIуэду, уеблэмэ ар быдэ хъууэ кьызэрекIуэкIар нэхъ згъэпылъпIэу сиIэхэм ящыщщ. Ди зэкъуэшыныгъэм сыт щыгъуи дигъэгушхуащ, - жиIащ **Зантарие Владимир**. - Ди нэхъыжьхэр зэгуусэу щхьэхуитныгъэми щIэбэнащ, Абхъазымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ зэрызэкIэлъыкIуэну гъуэгури быдэу ящытащ. 1994 гъэм ар яхэтащ дуней псом щыщ тхакIуэхэр зэзыдзэкIар араущ. Теленэтынхэр (зауэм щыIащ, триха репортажхэр телевиденэм кьыщагъэлъагъуэу), дафтэрхэр зи лъабжьэ фильм зыбжанэ игъэхьэзыращ. Тхылъ 30-м щIигъу кьыдигъэкIащ.

- Зэман нэхъ гугъуэхми ди лъэпкъ зэпыщIэныгъэхэр мыкIуэду, уеблэмэ ар быдэ хъууэ кьызэрекIуэкIар нэхъ згъэпылъпIэу сиIэхэм ящыщщ. Ди зэкъуэшыныгъэм сыт щыгъуи дигъэгушхуащ, - жиIащ **Зантарие Владимир**. - Ди нэхъыжьхэр зэгуусэу щхьэхуитныгъэми щIэбэнащ, Абхъазымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ зэрызэкIэлъыкIуэну гъуэгури быдэу ящытащ. Ар и фIэщ мыхьуу, щIэныгъэлI щIалэгъуалэм я къафэхэмкIэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтхэр
Къарей Элинэ *трихащ.*

ЩIэблэмрэ телефонымрэ

● Абы дегъэпIейтей

Адэ-анэмрэ щIэблэмрэ я зэхуакум щыхупIэ задэ дэлъщ сытым дежи. Сабийхэм къэзылъхуахэм къагурымыIуэу, адэ-анэм я бынхэр езыхэм зрагъапщэурэ, «зэрыщытын хуейм хуэдэу щымыту» къащыхъуу гъащIэр кьогъуэгурыкIуэ. А зэхуэдитыкIэр ткIийуэ щэщIа Iуданэм хуэдэщ, напIэзыпIэм зэпычын хьэзыру. Псом хуэмыдажу нобэ, тхылъ Iущхэм щIапIыкIа адэ-анэхэмрэ телефонымрэ интернетымрэ игъэса щIэблэмрэ щызэгурымыIуэм. Сыттlэ абы шинагъуэу хэлъыр? Цыхур машинэм хуэдэу гущIыIэ, псэнэ дэхъуа техникэм и зыужьыгъуэм хьэмэрэ нэгъуэщI цыху лIэужьыгъуэ къыдэунэхуауэ ар къыдгурымыIуэу ара?

САБИЙХЭМРЭ «гаджетхэмрэ» я Iэхур адэ-анэхэм я закъуэ мыхъуу, дохутырхэми лэжьыгъэ хьэлъэ ящыхъуащ. Сыту жыпIэмэ, техникэр сабийм зэран хуэхъуу, абыхэм дахьэхыIуэурэ тхылъ еджэн, джэгун, псэлъэн щагъэтыжу жаIэ. КьыхэгъэщIыпхъэщи, дохутыр псори абыкIэ зэхуэдэу арэзыкъым.

- Дэ компьютер щыщымыIа, ар щыIэкIэ-псэукIэм «зэран» щыхэмыхьуа лъэхъэнэм дыщалхъуащ. Нобэрейхэм «бжыгъэ зы лъабжьэ щIэблэ» фIащащ щIэныгъэрылажьэхэм. Ахэр «телефоныр Iущlэлъу кьалъхуащ» жыхуаIэ лакъуэщ. Пэжщ, ахэр зэ IуплъэгъуэкIэ кьызэрыгъэкI сабийщ, нэгъуэщI Iэмалкlэ дунейм кьытехьауи аракъым. Ауэ ахэр технологием и дунейм халъхуащи, нэгъуэщIу псэуфынукъым. Кьапщтэмэ, езы адэ-анэхэращ сабийм телефон Iэщlэзылъхьэри. Абы щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэр иIэщ: зэран мыхъун, теун папщIэ е нэхъ пстынщIэу бжэн, псэлъэн, тхэн щIадзэн я гугъуэу. Апхуэдэ щыкIэкIэ сабийм кьыIэрыхьа щIэныгъэхэр зыхуэдэр иджыри кьэпщытапхъэщ. Шэч зыхэмылъыр зыщ - сабийр телефоным нэхъыбэрэ исщ, егъэджакIуэм, гъэсакIуэм зэрыдзлажьэм нэхърэ. Араущи, сабийм балигъ щIымыгъуу, езыр-езыру зигъэсэжу жыпIэ хъунущ. Зэ IуплъэгъуэкIэ, ар фIыщ: балигъым и щхьэ Iуэху зэрехуэж, сабийр гъыкъым, ныкъуакъуэркъым, езым зегъэсэж, ауэ ныкъуасныгъэ гуэрхэри хэлъщ мы Iэхум - сабийм и ныбжьым къемызэгъ щIэныгъэ куэдыIуэ зэуэ кьыIэрохьэри, ар хуэзмыгъэзэхуэу гугъу ирегъэхь. КьищынэмыщIауэ, адэ-анэм я кьалэн нэхъыщхьэр ягъэзащIэркъым - сабийр ирагъаджэркъым, ягъасэркъым. Абы кьыхэкIыу, ахэр зэпызыщIэ, зэрызэрыIыгъ кьуэпсхэр-зэпоч, - жеIэ ЩIэнхабзэмкIэ Москва кьалэм дэт къэрал институтым и Iэжьакlэу Фуросов Дарье.

Къапщтэмэ, сабийхэр зэрысабийуэ кьэнэжащ, цIыхум и щыIэкIэ-псэукIэмрэ щэнхабзэмрэ архъуанэм ириIэфауэ кьыщекIэрэхъужкI зэманым халъхуащ жумыIэмэ. ДызэвгъэплъэкIыжи, географиемкIэ дунейпсо къэхутэныгъэхэр щрагъэкIуэкIа лъэхъэнэм сабийхэр кхъуэм ирагъэтIысхьэурэ хым тутIыпщхьакъым, машинэ кьыщагупсысам сабийхэм машинэ кьехуэкIыкIэ ящIэу кьалъхуу я гугъакъым, цIыхур хэрэшым щылъэтами, сабийхэр Маззм щрагъэтIысыкIакъым, я щхьэ Iуэху зэрахуэжьыщ жаIэу... Ауэ иужьрей илъэси 10-м кьалъхуахэм телефонымрэ планшетхэмрэ яIэщIэкIыркъым, ахэр пшахъуэм хэсу джэгуу плъагъужьркъым. Хьэмэрэ ар цIыхугъэ зиIэм зэрызижьым кьыздихь сыт хуэдэ щIэщыгъуэми дызэрыщышынэм и Iэужь? Къапщтэмэ, Сократ жиIэу щытащ тхыбзэр щIэблэм зэранышхуэ зэрыхуэхъур. Тхыбзэр хъэмыунэху щыкIэ, цIыхум зэхихьр игу ириубыдэу, Iуэрыпуатэу тхыдэр зэIэпахыу къэгъуэгурыкIуаэу араущ. Илъэс миниТ дэкIыжауэ дегупсысмэ, Сократ зэрыщыуар наIуэ тщоху. Дэри дыщыуэу пIэрэ сабийхэм техникэ зэраIэщIэлъым дызэрытещыныкъымкIэ?

Абы теухуауэ психологхэм жаIэр зэтохуэ: сабийр цIыху хъун папщIэ щIэныгъэр пытхъахуэурэ Iэрыхьэн хуейщ. Ар зэригъэзэхуэн, игу ириубыдэн, къыгурыIуэн папщIэ, къыкIэлъыкIуэ «Iубыгъуэр» абы хигъэзэгъэфын хуэдэу. Телефоныр гъэдыIуэрэ зыIэщIэлъ, хьыбар зэщымыщ куэдыIуэ зэуэ кьызыIэрыхьэ сабийхэм я псэр гугъу йохь. Ахэр иужькIэ бгъэсэжьну, еджэкIэебгъэщIэжьну гугъу мэхъу. Сыту жыпIэмэ, тхылъ ущеджкIэ уи нэм ильагъу хъэрфхэращ нэгъуэщI къыщIэнэр, ар акъылым ирезыгъэубыдэр. Ауэ сабийхэм я зэхуэ мыхъуу, балигъыкъми пачащ я псэлъэныим. Зэхуэтхэмэ нэхъ къащтэ. ИкIи ар куэдым я гум нэхъ зэрыдихьэр наIуэщ.

Биологием ещIэ цIыху лIэужьыгъуэ зыбжанэ: homo habilis, homo erectus, homo sapiens, нэгъуэщIхэри. Зэрытлъагъущи, зэхъуэкIыныгъэ инхэр кьохъу икIи homo digital (бжыгъэ зы лъабжьэ щIэблэ» жыхуэтIар) цIыху лIэужьыгъуэщIэ къэунохуауэ жыпIэ хъунущ кьыщIэкIынщ. Ар зыкIи кьыпхуэзэтемыгъэувыIэжьыну екIуэкI зэхъуэкIныныгъэщ, гаджетхэр ди гъащIэм щыщ хъугъэхэращ. Дэ, «лъэхъэнэжьым» и фIыр зыщIэ адэ-анэу щIэм ижь зыщIихуахэм ди кьалэнщ щIэблэщIэр зыхалъхуа зэманым кьигъэув псэукIэм сабийхэр екIуу хэтпIыкIыну, абыхэм я дуней телъыджэр кьыдгурыIуэну.

Ди щхьэр къэдвгъащти, дызыхэмыпсэукIыкфыну кьытщыхьу зэманыныжьым щыпсэуа лIы Iуа Къэзанюкъуэ Жабагъы лIот жиIар? Зэманым декIур лIыкфщ... Ар пэжщ. Ди сабийхэр зыхалъхуа зэманым декIуу араущи, абы и Iэужьыр ди нэгу щIэкIыжинщ. Хэт ищIэрэ, дызэса дунейр фIы и лъэныкъуэкIэ ягъэкIуэтэнри хэлъщ.

Гъэсэныгъэм теухуауэ нэгъуэщI псалъэжьым жеIэ: Фи сабийхэр фымыгъасэу, фэ фызыкIэлъыплъыж, ахэр фэращ зэщхъ хъужьынури.

ФЫРЭ Анфисэ.

Зэрыхьэзырым теухуа зыгъэсэныгъэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкIуэкIащ еджапIэм террор хьэгъэщIагъэр къыщыдзэпыудыным хуэунэтIа зыгъэсэныгъэхэр.

ШЭДЖЭМ районым хьэхъэ Шэджэм кьалэм дэт курыт еджапIэ №2-м щыIэр теухуат террор быныгъуэ къэхъумэ, я къаруэ IэмэпсымэхэмкIэ абы пэщIэтыным зэрыхуэхьэзырыр кьэпщытэным.

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штаб.

● Гъатхэ зыгъэпсэхугъуэ-2023

Iуащхьэмахуэ къапоплъэ

Ди лъахэр щIыпIэ дахэхэмкIэ бейщ. Абыхэм ящыщу нэхъ цIэрыIуэр, дауи, Iуащхьэмахуэ лъапэщ. Насыпэ Iуащхьэм зэ Iуплъэну, хьэуа къабзэкIэ бгъэну, я нэгу зрагъэужьыну абы къакIуэ зыплъыхьакIуэхэм я бжыгъэр гъэ къэс нэхъыбэ мэхъу. Ауэ уэсыщхьэ бгыхэм пщэдджыжь къэс жыжьэу яIуплъэ дэ куэдрэ зыщыдгъафIэркъым бгы куэщIым.

ИДЖЫ апхуэдэ Iэмал бэлыхь къахухъуэкIащ школаIуэхэм. Мэлыжьхьым и 10-м кьыщыщIэдзауэ «Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэм ныбжьыщIэхэр тхьэмахуэкIэ ирегъэблагъэ. Гъатхэ зыгъэпсэхугъуэ пIалъэ щIыкIум хэтыныщ мастер-классхэр, акъылым, щIэныгъэм зезыгъэужь зэпеуэхэр, махуэшхуэхэр. ХьэщIэхэм ящыщу зи ныбжьыр илъэс 18-м нэсхэм кIапсэ гъуэгум сому 100 щIатынуращ.

ТхьэмахуэкIэ екIуэкIыну «Бгыпъэ зыгъэпсэхугъуэ» пIалъэм Космонавтикэм и махуэри щагъэлъэпIэнущ, ныбжьыщIэхэр дэзыхьэх джэгукIэ куэд щрагъэкIыжыну ягъэхьэзыр къызэгъэпэщакIуэхэм.

- Дэ ныбжьыщIэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ кьыдогъэблагъэ егъэджэныгъэ Iуэхум тIэкIу кьыппэрытшу я нэгу зедгъэужьыну. ЗыгъэпсэхупIэ нэхъ лъагэ дыдэм кIапсэ гъуэгумкIэ къыщажьхьыфынущ, щIыпIэ дахэхэр къызэгакIуэхьынущ, гъатхэ хьэуа къабзэмкIэ бгъэзынущ, дыгъэм и бзий хуабгъэм зрагъэнущ. Мы пIалъэр гуапэу зигу къимынэжьын зы сабии, балигъи щыIэнкъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дэ абы хуабжьу зыхуэдгъэхьэзырращ. Ди лъахэгъу ныбжьыщIэхэм Iуащхьэмахуэ едгъэщIыхуну, фIыуэ едгъэпсалъэуну, я хэкум иригъэгну дыхуейщ. Тхьэмахуэ нэужьым, мэлыжьхьым и 15-м Азау хуейм нэгзыужь махуэшхуэ щекIуэкIынущ. Апхуэдэ Iэмал гъуэзэджэхэр иджы япэу кьызэдгъэпэщу аращ ди лъахэгъу унагъуэхэм папщIэ, - жеIэ Кавказ.РФ-м и унафэщIым и къуэдзэ Тапаев Рустам.

А махуэхэм сабийхэм папщIэ кIапсэ гъуэгум сому 100 и уасэнураща. Ар къащхэун папщIэ ныбжьыщIэм и илъэс бжыгъэм щыхьэт техъуэ дафтэр гуэр иныгъын хуейщ. КъищынэмыщIауэ, а махуэм пэрыжэкIэ кьыщажьхьэ гъуэгуэкIэ зэIуахуэ щытынущ.

Турист билетыр яIыгъмэ, школаIуэхэр кIапсэ гъуэгуищми ирикIуэу, Гарабаши станцым нэсыфынущ, метр 3847-м тету Кавказ тхыцIэ нэхъыщхьэм Iуплъэнущ, Iуащхьэмахуэ и куэщI итым хуэдэу яIьагъунущ. Урысейм щынэхъ лъагэ быдэ Поштым кьикIыу я ныбжьыгъэхэм е Iыхьлыхэм абдежьым письмо щыхуаутIыпщIыфынущ. КъищынэмыщIауэ, лъагаIпэм щащIа сурэт зэтрегъэхьапIэ дахэхэм я деж теплъэгъуэ гукъинжэкIэр щащIыфынущ.

Фигу кьэдгъэкIыжьынщи, зи ныбжьыр илъэситхум нэс сабийхэм папщIэ Iуащхьэмахуэ и кIапсэ гъуэгуэкIэр илъэс псом кьриубыдэу пщIэнщэщ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

ЦIыхубзыр суд пащхьэм йоувэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и полицэм и следователхэм и кIэм нагъэсащ гъэпцIагъэкIэ сом мелуан 1,1-м щIигъу зыкIэщIэзыпущIа, мылажь, илъэс 36-рэ зи ныбж налшыкдэс цIыхубзым теухуа уголовнэ Iуэхур.

НАIУЭ кьызэращIамкIэ, социальнэ соцсетхэм я зым, абы езым и напэкIуэцI цIыкIу щызэрифэнэщащ, нэгъуэщI бзылъхугъэм и цIэр фIищри, икIи хьыджэбз гъэрым и сурэтхэр ирилъхьащ. Мэзкуу кьалэм и хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэу жиIэри, а анкетэ нэпцIымкIэ 2020 гъэм и шыщхьэуIум абы зригъэцIыхуащ Нарткъалэ щыщ цIыхухъэр.

Зэхуэмыдзу махуэ зыбжанэкIэ зэпсэлъа иужькIэ гъэпцIакIуэм цIыхухъэм хуитхащ хуэмышIауэ псэу шыпхъу зэриIэр икIи ар щIэгъэкъуэн зэрыхуэныкъуэр. ЦIыхухъэм елъэIуащ кьыдэIэпыкъуну, абы пэкIуэу кьигъэгугъащ и щхьэгъусэм кьыбгъэдэкIыжу езым дэкIуэну.

Пей зытехьам абы хьэжриахэр и фIэщ хъуащ, иужьым ягъэкъуанэм и телефон номерыр абы хуигъэхьащ, ар и шыпхъум ейуэ жиIэри. ЦIызэпсалъэм и макъым зригъэхуэзкIырт цIыхубзым.

Кьудихьэхыу имыщIыху цIыхубз екIур кьиушэну мурад зыщIа цIыхухъэр арэзы хъуащ абы и шыпхъу хуэдэм дэIэпыкъуну. 2020 гъэм и шыщхьэуIум кьыщыщIэдзауэ 2022 гъэм и накъыгъэ пщIондэ абы сом мин 670-рэ игъэхьащ ягъэкъуанэм кьыхуигъэлъэгъуа счётым.

КъинэмыщIауэ, а гъэпцIакIуэм, щымыIэ и шыпхъуэ хуэдэу жиIэурэ хуэзащ кьигъэпцIа спонсорым. Абы тыгъэ кьыхуищIащ сом мин 330-рэ и уасэ автомашинэрэ ахъшэу сом мини 159-рэ. Лей зытехьам цIыхубзыр щытхъуэ фэтэрыщIэри куитырт.

2022 гъэм и накъыгъэм нарткъалэдэсым кьагъапцIуэ щэч ищIу хуежьащ, апхуэдизу зэлIалIэ хьыджэбзым телефоныр кьытримыхьэх хъуа нэужь. Кьэхъуар кьищIэну ар псэльащ абы и «шыпхъум» деж икIи зэхихащ хьыбар шынагъуэ - фIыуэ илъэсыуар аварием хэчэри зэкIуэдащ.

Ар и фIэщ мыхъуу, цIыхухъум полицэм зыхуигъэзащ. Хабзэхъумэхэм ягъэкъуанэр зэрыпцIыпуспIэ кьыщIагъэщIри, лей зытехьам и автомашинэр кьытрахыжащ. Закъыхуэзыгъэзам игъэуэта хэщIыныгъэм щыщ Iыхьэр ахъшэкIэ ирагъэпшыныжащ.

Урысейм МВД-м Аруан районым щIиэ къудамэм и следователхэм зэхагъэкIа уголовнэ Iуэхур судым Iэрагъэхьащ.

Наркотикхэ кIэхэр щызэрахьэлIэрт

КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъакIуэм кIэлъыплъныкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм къэлъхьуэныгъэ Iуэхуэр ирагъэкIуэкIыу къыщIагъэщащ Май кьалэм щыпсэу, нэхъапэми суд зытращIыхьауэ щытам и фэтэрыр щыпIэм щыпсэуэм наркотик щызэрахьэлIэну щэнейрэ хуит яхуищIауэ.

ШэЧ зыхуащIыр щыпсэу щыпIэр 2023 гъэм гъатхэпэм и 27-м кьыщащым кьагъэтри кьэтрахащ псыIагъэ фIыщIафэ кьызэрына медицинэ шприц. Экспертизэм кьызэригъэлъэгъуамкIэ, абы хэлът героин наркотикхэкI.

Урысей МВД-м Май районым щиIэ кьудамэм щэч зыхуащIым теухуа уголовнэ Iуэху кьиIэтащ. Абы хуагъэуващ щыпIэр имыбгынэну.

ДыгъуакIуэхэр къыщIагъэщащ

2023 гъэм гъатхэпэм и 30-м Урысей МВД-м и Бахъсэн къудамэм зыхуигъэзащ Бахъсэн кьалэм щыпсэу цIыхубзым. ЗэрыжиIамкIэ, ар щIэмысу и фэтэрым щIадыгъкIат сом 35 000-рэ и уасэ мыльку.

КъэПЫХъУЭНЫГЪЭХЭР щыгъэкIуэкIым полицэм и участкоВэ уполномоченнэхэм я щIэпхъаджагъэр ялэжьауэ щэч хуащIу яубыдащ илъэс 21-рэ, 34-рэ зи ныбжь бахъсэндэсхэр. Абыхэм заумысыжащ икIи жаIащ щхьэгъубжэм и абджыныр кьыхахьу фэтэрым зэрыщIыхьар икIи фIэдза котёлыр кьиззэрыщIахар.

Урысей МВД-м и Бахъсэн къудамэм щэч зыхуащIхэм ятеухуа уголовнэ Iуэху кьиIэтащ. Абыхэм щIыпIэр ямыбгынэну хуагъэуващ.

ГъэпцIакIуэхэр сэтей къащI

2023 гъэм гъатхэпэм и 30-м Урысей МВД-м и Прохладнэ къудамэм зыхуигъэзащ илъэс 85-рэ зи ныбжь цIыхубзым. Прохладнэдэсым зэрыжиIамкIэ, а махуэм и унэ телефоным къэпсэлъащ хабзэхъумэ IэнатIэм и лэжьакIуэу кьыжезыIа цIыхубзыр икIи и пхъум и зэранкIэ гъуэгу-транспорт зэжьэхэуэ кьызэрыхьуамкIэ я хьыбар кьригъэщIащ. Iуэхур зэфIэхыныкIэ кьыдэIэпыкъуну кьигъэгурэри, къэпсэльам пенсионерыр тригъэгушхуащ, и деж игъэкIуэ цIыхум сом 200 000 кьуритыну.

ИУЖЬЫIУЭКIэ и пхъум деж псэлъа нэужь, цIыхубзым кьыгурыIащ кьызэрагъэпцIар.

А махуэ дыдэм Урысей МВД-м и Прохладнэ къудамэм зыкъыхуэзыгъэза, гъэпцIакIуэхэм дзыхь яхуэзыщIа, илъэс 72-рэ зи ныбжь прохладнэдэс цIыхубзым зэрыжиIамкIэ, сом 300 000 IэщIагъэкIат. БзаджащIэхэм абы хъьбар кьрагъэщIащ и кьуэрылъху пщащым и зэранкIэ гъуэгу-транспорт зэжьэхэуэ кьэхъуауэ. Абыи ахъшэр иритащ кьыхуагъэкIуэ IэхуэтхьэбзащIэм.

КъБР-м щыIэ МВД-м уголовнэ къэлъыхьэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэмрэ Урысей МВД-м и Прохладнэ къудамэм кьулыкъу щызыщIэхэмрэ Прохладнэ кьалэм щаубыдащ а щIэпхъаджагъэхэр илэжьауэ щэч зыхуащIр - илъэс 23-рэ зи ныбжь, нэхъапэми суд зытращIыхьа, Ставрополь крайм щыпсэур. Абы зиумысыжащ, лей зытехьахэм я деж псалъэуэрэ я Iыхьлыкъэр хэту къэхуэхэм ятеухуа хьыбар яжезыIэр Интернетым зэрыщыригъэщIыхуар.

Яубыдам и кьалэныр хэщIапIэм кIуэуэ лей зытехьам ахъшэр кьеIыхьинырт. Шэч зыхуащIым иныгът сом 305 000-рэ.

БзаджащIэм теухуа уголовнэ Iуэху кьаIэтащ. Ар яубыдащ УФ-м и УПК-м и 91-нэ статьям ипкъ иткIэ.

ИджыпстукIэ яужь итщ а щIэпхъаджагъэм пыщIахэр здэщыIэр зэхагъэкIыу яубыдыным.

УАРДЭ Жантинэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (*унафэщI-редактор*), Ширдий Маринэ (*унафэщI-редактор*), Къаншокъуэ Эллэ (*жэуап зыхь секретарь*), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэз.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19;
унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;
секретариатым - 42-22-66.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитныгъэр хъумэныжьыкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iэхъущ Iапи Iэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытехьэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху елъыткIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.679
Заказыр №2704
12+

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкl Соня, *корректорхэу* Инэрокъуэ Аэзмэт *(2, 3-нэ нап.)*, Нэужьокъуэ Заирэ *(1, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Елмэс ФатIимэ.
Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ Мэлбахъуэ Анжелэ, Щомахуэ Марианнэ.
Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рэ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ кьыдокI.